



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 8.7 MILYON DOLA NAN NOUVO SIBVANSYON POU SIPÒTE NATURALIZASYON AK LÒT SÈVIS LEGAL YO POU NOUVO AMERIKEN YO

Nouvo sibvansyon yo pral sipòte nouvo moun ki vini nan Eta New York, enkli sila yo k ap rive soti nan Afganistan ak Ikrèn yo

Bidjè Ane Fiskal 2023 a ogmante finansman ONA an jeneral a 20 milyon dola

Gouvènè Hochul pibliye yon [pwoklamasyon](#) pou rekonèt jen kòm Mwa Eritaj Imigran

Gouvènè Hochul te anonse jodi a apeprè 8.7 milyon dola nan nouvo sibvansyon yo te bay founisè kominotè san bi likratif yo atravè Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Depatman Deta (Department of State, DOS) a pou bay sèvis gratis pou nouvo Ameriken yo atravè eta a. Nouvo sibvansyon sa yo pral sipòte rezo Sant Opòtinite ONA nan tout eta a pou bay asistans aplikasyon natiralizasyon ak preparasyon pou tès sivik pou imigran ak refijye yo sou wout yo pou yo vin sitwayen Ameriken. Sibvansyon yo pral sipòte tou Konsèy Legal ONA yo, ki se yon pwogram ki gen avoka imigrasyon ekspè ki bay asistans legal gratis pou nenpòt imigran ki nan bezwen, ki gen ladan moun ki fèk vini ki soti Afganistan ak Ikrèn yo.

Gouvènè Hochul te pibliye tou yon [Pwoklamasyon](#) ki deklare mwa Jen an kòm Mwa Eritaj Imigran yo kòm rekonesans kontribisyon enpòtan imigran yo nan tisi divèsifye Eta New York la.

"New York konstui sou travay di ak detèminasyon jenerasyon imigran yo, epi nou bezwen sipòte moun k ap eseye konstui lavi yo pi byen pou tèt yo ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman jodi a nan sèvis enpòtan pou imigran yo voye yon mesaj klè bay tout moun: New York akeyi w epi selebre w. Mwen pa ka pou mwen kontinye bay imigran yo zouti yo bezwen pou yo santi yo pwoteje, an sekirite ak pou yo ka prepare pou siksè nan gwo eta nou an."

"Lè nou bay sibvansyon finansman pou ede imigran yo jwenn aksè ak sèvis legal ki nesèsè yo, New York ap bay fanmi yo opòtinite pou yo rete ansanm pandan y ap pouswiv rèv Ameriken an", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Imigran

nou yo se sa ki fè New York gwo melting pot nan nasyon nou an, epi se responsabilite nou pou nou bay nouvo Nouyòkè nou yo asistans aplikasyon ak sipò nesèsè pandan y ap navige nan pwosesis natiralizasyon an."

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Ogmantasyon finansman ane sa a soulinye ke Gouvènè Hochul pran angajman pou ede nouvo Ameriken yo reyisi nan fè kontribisyon valab nan eta nou an pandan y ap rekonèt bezwen sèvis imigran yo. Sa a se yon investisman entelijan ki pral ede imigran yo jwenn aksè ak navige nan yon varyete sèvis atravè yon rezo founisè kominotè nan tout eta a. Nou pral kontinye fè gwo eta nou an yon limyè espwa pou tout moun ki rele New York lakay yo."

Ogmantasyon finansman Bidjè pou Ane Fiskal 2023 a pou ONA pèmèt Biwo a kontinye finanse sèvis prensipal li yo, tankou asistans legal gratis, sipò sante mantal, devlopman mendèv, ak aprantisaj lang Anglè. Li pral bay ONA tou kapasite pou li finanse pwòje espesyal ak inisyativ pilòt ki reponn dirèkteman ak chanjman nan politik imigrasyon federal yo. Anplis de sa, finansman an pral ede abòde bezwen imedya kominote a, tankou sipòte ogmantasyon imigran ak refijye k ap vini nan Eta New York soti nan Fwontyè Sid la, ansanm ak Afgan ak Ikrenyen ki fèk rive yo.

Manm Asanble Catalina Cruz, Prezidan Gwoup Travay Asanble Eta New York sou Nouvo Ameriken yo, te deklare, "Pandan pi plis imigran fè Eta New York vin lakay yo, li enperatif pou nou kontinye sipòte ak ranfòse pwogram k ap ede yo entegre sosyalman, ekonomikman ak politikman. Majorite Asanble a te goumen anpil pou ogmante finansman pou ONA ak inisyativ enpòtan li yo pou kontinye rete yon vwa sipò solid nan yon moman kote politik ak diskou anti-imigran yo twò komen akòz echèk gouvènman federal nou an pou fè refòm imigrasyon konplè. Lè nou sipòte kominote imigran nou yo, nou ranfòse tout kominote atravè Empire State la. Nouvo fon sa yo fè egzakteman sa."

8.7 milyon dola nan finansman an pral sipòte lansman 35 nouvo sibvansyon Sant Opòtinite ak Konsèy Legal (Opportunity Center and Legal Counsel) pou konstwi sou siksè pwogram sa yo, ki te an fonksyon depi kreyasyon ONA. An 2021, Sant Opòtinite ak Konsèy Legal ONA te sèvi 28,797 moun ak yon varyete sèvis gratis tankou asistans legal ak sipò natiralizasyon ki te mete yo sou wout sitwayènte. Pandan ane ki sot pase a, avoka ke ONA te finanse yo te patisipe tou pou ede kliyan yo atravè eta a ak zafè legal ijan yo ansanm ak dènnye arive yo ki gen ladan Afgan yo, epi tou pandan sikonstans difisil yo ak pandemi an.

Sant Opòtinite - Sivik ONA ofri sèvis gratis ak konfidansyèl tankou:

- Kou sou Preparasyon pou Sitwayènte yo
- Asistans Aplikasyon pou Imigrasyon
- Konsiltasyon Lwa Imigrasyon
- Atelye Kominotè yo
- Referans Mendèv

Yo ap bay òganizasyon yo nan rejyon sa yo apeprè 2.7 milyon dola nan sibvansyon Sant Opòtinite yo:

Capital Region

Konte sèvi: Albany

U.S. Committee for Refugees and Immigrants

Central New York

Konte sèvi: Onondaga

Catholic Charities Syracuse

Finger Lakes

Konte sèvi: Monroe

Catholic Charities Family and Community Services

Long Island

Konte sèvi: Nassau

Sant Refijye Ameriken Santral (Central American Refugee Center, CARECEN)

Konte sèvi: Suffolk

Sant Refijye Ameriken Santral (Central American Refugee Center, CARECEN)

Mid-Hudson

Konte sèvi: Dutchess

Catholic Charities, Achidyosèz nan New York

Konte sèvi: Orange

Catholic Charities, Achidyosèz nan New York

Konte sèvi: Rockland

Catholic Charities, Achidyosèz nan New York

Konte sèvi: Westchester, andeyò Yonkers

Make the Road New York

Konte sèvi: Westchester, andeyò Yonkers

Neighbors Link

Konte sèvi: Westchester, Yonkers

Neighbors Link

Mohawk Valley

Konte sèvi: Oneida

The Center

New York City

Konte sèvi: Bronx
Catholic Charities, Achidyosèz nan New York

Konte sèvi: Bronx
Mercy Center

Konte sèvi: Brooklyn
Chinese-American Planning Council

Konte sèvi: Manhattan
Chinese-American Planning Council

Konte sèvi: Manhattan
International Rescue Committee

Konte sèvi: Queens
Make the Road New York

Konte sèvi: Queens
MinKwon Center for Community Action, Inc.

Konte sèvi: Queens
Queens Community House

Konte sèvi: Richmond
Make the Road New York

Southern Tier

Konte sèvi: Broome
Asosyasyon Sivik Ameriken (American Civic Association)

Konte sèvi: Tompkins
Catholic Charities Tompkins/Tioga

Western New York

Konte sèvi: Erie
Jericho Road Community Health Center

ONA Legal Counsels bay sèvis legal gratis enkli:

- Repezantasyon dirèk pou nenpòt imigran nan Eta New York
- Jounen konsiltasyon legal nan Sant Opòtinite ONA yo
- Atelye ki gen rapò ak lalwa ak fòmasyon Konnen Dwa Ou (Know Your Rights)

Yo ap bay òganizasyon yo nan rejyon sa yo apeprè 6 milyon dola nan sibvansyon pou Konsèy Legal:

Capital Region

Konte sèvi: Warren, Washington, Saratoga, Schenectady, Albany, Greene, Columbia, Rensselaer

Sèvis Legal ONA: Pwojè Legal Asosyasyon Bawo Fanm Distri Kapital la

Central New York

Konte sèvi: Oswego, Onondaga, Madison, Cayuga, Cortland

Sèvis Legal ONA: Frank H. Hiscock Legal Aid Society

Finger Lakes

Konte sèvi: Orleans, Genesee, Wyoming, Livingston, Monroe, Ontario, Seneca, Yates, Wayne

Sèvis Legal ONA: The Legal Aid Society of Rochester, NY

Long Island

Konte sèvi: Nassau, Suffolk

Sèvis Legal ONA: Sant Refijye Ameriken Santral (Central American Refugee Center, CARECEN)

Mid-Hudson

Konte sèvi: Westchester, Putnam, Dutchess

Sèvis Legal ONA: Neighbors Link

Konte sèvi: Ulster, Sullivan, Orange, Rockland

Sèvis Legal ONA: Catholic Charities Community Services, Achidyosèz nan New York

Mohawk Valley

Konte sèvi: Herkimer, Fulton, Montgomery, Schoharie, Otsego, Oneida

Sèvis Legal ONA: Frank H. Hiscock Legal Aid Society

Vil New York

Konte sèvi: Bronx, Kings, Richmond, Queens, New York

Sèvis Legal ONA: Gwoup Asistans Jidisyè New York (New York Legal Assistance Group, NYLAG) la:

North Country

Konte sèvi: Clinton, Essex, Hamilton, Franklin, St Lawrence, Jefferson, Lewis

Sèvis Legal ONA: Frank H. Hiscock Legal Aid Society

Southern Tier

Konte sèvi: Steuben, Schuyler, Tompkins, Tioga, Broome, Chenango, Delaware, Chemung

Sèvis Legal ONA: Journey's End Refugee Services

Western New York

Konte sèvi: Niagara, Erie, Chautauqua, Cattaraugus, Allegany
Sèvis Legal ONA: Journey's End Refugee Services

Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans, ONA) Eta New York la, ki te fonde an 2012, se premye biwo legal nan peyi a pou sèvis imigran yo. ONA ede tout nouvo Ameriken ki gen aksè epi k ap navige nan plizyè sèvis gratis epi sipòte yo atravè rezo founisè kominotè li a nan tout eta a.

Pou tout imigran ki nan bezwen asistans, oswa pou konekte ak pwogram ONA yo, rele Liy Ijans Nouvo Ameriken an nan **1-800-566-7636** 9:00am jiska 8:00pm, lendi rive vandredi. Tout apèl yo konfidansyèl. W ap jwenn èd disponib nan plis pase 200 lang. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://dos.ny.gov/office-new-americans> oswa swiv ONA sou Twitter nan [@NYSNewAmericans](https://twitter.com/NYSNewAmericans) oswa [Facebook](https://www.facebook.com/NYSNewAmericans).

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418